Iэ тедзэныр иухыным къэнэжар махуи 3-щ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№247 (21.155) ● 2007 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 26, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сом 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым

2007 гъэм зэрылэжьам топсэлъыхь

Дыгъуасэ КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІушІэр екІуэкІащ. Абы депутатхэр щыхэльащ Іуэхугъуэ 15-м нэблагъэм.

ЗЭІУЩІЭР иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс.

Ятэу депутатхэр хэпльащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ» законопроектым. Абы теухуауэ депутатхэм я пащхьэ къыщыпсэльащ Законхэр кьыдогъэкІыныжмкІэ комитетым и Іэтащхьэ Абазэ Руслан икІи абы жиІахэр ІэІэткІэ даІыгъащ.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр Мусуков Алий къыхилъхьащ «2007 - 2009 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ Іуэхущ Іапіэхэр мафІэс къэмыгъэхъуныжмкІэ къызэрызэгъэпэщар» зыуэ щыт республикэ программэм теухуауэ» законым и проектыр. Абы къыхигъэщащ илъэс зыбжанэ хьауэ я Іуэхум гульытэ зэримыгъэтыр, дызэрыт зэманым мафІэс къэмыгъэхъуныжмкІэ, мафІэр гъэункІыфІыныжмкІэ Іэмалхэр Іуэхущ Іапіэхэм зэрыщымыІэжьыхэр, абы пащІи ахьшІэ гуэр зэрыхухамыхьыр. Апхуэдэ щытыкІэр ягъэзэжкІэжьын мурадкІэ зэхалъхьауэ аращ зыуэ щыт республикэ программэр.

Апхуэдэу законопроект зыбжанэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьыным и Іуэхукі къэпсэльащ депутатхэр.

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэр 2007 гъэм зэрылэжьам убгъуауэ тепсэльыхьащ Бечелов Ильяс. Абы зэрыжиІамкІэ, 2007 гъэм Парламентым и зэхуэс 13 екІуэкІащ икІи Іуэхугъуэ 300-м щІигъум щыхэпльащ. Абыхэм къыщащта унафи 102-м щыщ 33-р - экономикэмрэ финансхэмрэ, 32-р - къэралыгъуэ ныгъэмрэ щІыпІэ самоуправленэмрэ, 9-р - аграрнэ политикэм, экологием, щІыуэпсыр къэгъэсэбэныным, 31-р щэнхабэзэм, щІэныгъэм, егъэджэныгъэм, узынщагъэр хьумэным, спортым, щІалэгъуалэ политикэм ехьэлІалэхэрщ. Унафэхэм къыщыкІэрыщІауэ, зыуэ щыт республикэ программэмэ 13 къащтащ. Парламент едІуэныгъэу 5-м, жылагъуэ едэІуэныгъэу 2-м, «стІол хъурейуэ» 5-м республикэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъэхэр къащтащ.

Парламентым и депутатхэр жыдэхэр зэхащ республикэми нэгъэущІ щІыпІэхэми щекІуэкІа жылагъуэ-политикэ Іуэхухэм, апхуэдизуи щІыхухэм я лъэІухэм хэпльэным, ахэр зэфІэхыным нужь итащ (мы илъэсым кьриубыдэу лъэІу мини 9 къаІэрыхьащ депутатхэм).

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм гульытэншэу къиГэнакъым ди лъахэм и зэІуэпэщым зи гуащІэ хэзыльхьэри, 2007 гъэм КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьылъэр хуагъэфэщащ щІыхьи 152-м.

ЗэІущІэм и кІэуэным Бечелов Ильяс депутатхэм екъуэлъыгъэр екъаудэкІуэну.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зы

КъБР-м и Парламентым и зэІущІэм щытепсэльыхьащ икІи къыщащтащ «КъБР-м и экономикэм щхьхІэ 2008 - 2011 гъэхэм зэжьакІуэхэр гъэхъэзырыныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и программэр». А законыр гъэзэщІэным республикэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэнум щэч хэлъкъым.

Программэм къыщыхьа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм, абы хуаІэ мурадхэм тхутепсэльыхьыну дэ дельэІуащ Парламентым Экономикэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ Малкаров Тахир.

- Тахир, сщІэну сыхуейт а программэм ди республикэм дежкІэ мыхьэнэуэ иІэнур?

- Нобэ властым кьыпэщыт кьаІэнхэр зэфІэгъэкІа хьун щхьэкІэ хууейщ зи Іэщ Іагъэм хуэІэкІуэльаІуэ лъжьакІуэхэм. Апхуэдэу зэрыщытым кьегъэуэ Іуэхунухэр зэрагъэхьэзыр щІыкІэр егъэфІэкІуэн хуейуэ. КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен кьельатэ а Іуэхур лъжьакІуэхэр гъэхьэзырыным и лъабжь нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ.

(КІуэхыр 2-нэ нап.).

ЛЪОСТЭН Музэ.

Урысей Федерацэм «Зауэлі щыхьым и кьалэ» жыхуиІэ и щІэ лъапІэр Налшык кьалэм къыфІащыну елъэІуу Урысей Федерацэм и Президент Путин В.В.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Зэрызыхуигъаазэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м *№332-П-П*

Урысей Федерацэм «Зауэлі щыхьым и кьалэ» жыхуиІэ и щІэ лъапІэр Налшык кьалэм къыфІегъэщыным теухуауэ щІыпІэ самоуправленэм и Налшык кьалэ Советым зэрызыкьыхуигъэзам хэпльауэ, «Урысей Федерацэм «Зауэлі щыхьым и кьалэ» жыхуиІэ и щІэ лъапІэм и Іуэхукі» 2006 гъэм накьыгъэм и 9-м кьащта Федеральнэ закон №68-ФЗ-р тегъэщІапІэ ищІу икІи Урысей Федерацэм «Зауэлі щыхьым и кьалэ» жыхуиІэ и щІэ лъапІэр щыфІащ Іуэхугъуэхэм, зэрыфІащ хабзэм теухуа Положенэу Урысей Федерацэм и Президентым 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м кьыдигъэкІа Указ №1340-мкІэ, кьищтам икІи иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Урысей Федерацэм «Зауэлі щыхьым и кьалэ» жыхуиІэ и щІэ лъапІэр Налшык кьалэм къыфІегъэщыным теухуауэ щІыпІэ самоуправленэм и Налшык кьалэ Советым къыхилъхьа Іуэхур дэІыгъын.

2. Урысей Федерацэм «Зауэлі щыхьым и кьалэ» жыхуиІэ и щІэ лъапІэр къыфІащыным теухуауэ Урысей федерацэм и Президент Путин В. В. лъэІукІэ зыхуэзаз.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ЯРИН Андрей

Фадзэхэкіхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм розницэ щыкІэу щыщынэр лицензэ щІыным хабзэ хэльхьэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Фадзэхэкіхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм розницэ щыкІэу щыщынэр лицензэ щІыным теухуа Положенэр къэщтэн.

2. Кьару имыІэжу кьэльытэн «Фадзэхэкіхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм розницэ щыкІэу щыщынэр лицензэ щІыным хабзэ хэльхьэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм дыгъэзэгъуэм и 27-м кьищта Унафэ №198-ПП-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ЯРИН Андрей

Фадзэхэкіхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм розницэ щыкІэу щыщынэр лицензэ щІыным хабзэ хэльхьэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м *№328-ПП*

Налшык кьалэ и Къэрад концерт гъэлъэгъуапІэм зэІущІэ гуапэ щекІуэкІащ. Абы щагъэлъэпІащ кьалэм и егъэджакІуэ Іуэхущапіэхэр. Пшыхьыр къызэригъэпэщащ Дунейпсо Артийскэ Комитетым Кавказ Ищхьэрэм щиІэ Іуэхущапіэм и унафэщІ Бейтыгъуэн Іуэус.

ЗыПэРЫТ Іэнатіэм екъулІэныгъэ щызыІэрызыгъэхьа, зэфІэкІ лъагэхэр кьэзыгъэльэгъуа егъэджакІуэхэм а пщыхьэщхьэм иратащ Дунейпсо Артийскэ Комитетым и дыщэ медалхэмрэ Щыхь тхьылъэмрэ.

- Нобэ мы пшыхьым кърихьэлІахэр дэтхэнэ зыми и гъащІэм мыхьэнэшхуэ щызыгъэзащІэ щыхуэхэрщ, ахэр къэралым, республикэм и щІэблэр зыгъэсэхэрщ, езыгъаджэхэрщ, - жиІащ **Бейтыгъуэн Іуэус.**

- Дэ дгъэльэпІэнущ республикэм и щІэныгъэ Іуэхум хэльхьэныгъэ ин хуэзыщІ, щІалэгъуалэм псэжупсэ кьуелэягъ ябгъэдэльхьэныжмкІэ кьалэныщхуэ зи пщэ кьыдэхуэ егъэджакІуэхэр. Мы Іуэху дахэр кьыддаІыгъащ КъБР-м Егъэджакіуи гъэсакіуи зэрамыІэр, ахэр дэтхэнэ зыри псэемыблэжу я Іэнатіэм зэрыпэрытыр. Мэлбахьэуэм жиІащ дэпкІэ нэхъ щІэх-щІэхьырэ апхуэдэ зэІуцІэхэр къызэрагъэпэщырэ дэтхэнэ зыми хуэфащэ гульытэ зэрыхуащІынур.

Дунейпсо Артийскэ Комитетым и Щыхьэ тхьылъымрэ дыщэ медалымрэ а махуэм ираташ Мэлбахьэу Тимур, Емыщ Людмилэ (курыт школ №17), Сэбан Асльанбий (гимназие №15), Соттаевэ Лидэ (курыт школ №20), Лобжанидзе Гия (курыт школ №31), Бекъан Масирэт (курыт школ №11), Сокъур Ларисэ (курыт школ №25), Кайгермазовэ Людмилэ (курыт школ №27), Мэшыкъуэ ФатІимэ (сабий гъэсапІэ №25), Геляев Борис (ДОСЦІ №5), Анимыкъуэ ФатІимэ (лицей № 2), Къаскъул Тамарэ (НШДС №50) сымэ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм и артист щэрыуэхэу Ташло Алий, Шэрджэс Іэсинэ, Даур Иринэ, Атмурзаевэ Жанпэ, Нежинэ Маринэ, Дым Елдар, Мэз Джульеттэ сымэ, «Экстрим», «Экспрессио» сабий къэфакІуэ ансамблхэм.

щхьэщэмышІ Изэ.

● Пшыхьхэр

Нэхъыфіхэр ягъэлъапІэу

Псэлъапіэм тетыр Мэлбахьуэ Тимурщ. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙЭлинэ** *трихащ.*

● Ящыгъэ

Іуэху нэхъыщхьэхэр

Урысейм и Правительствэм и Унафэщім и яп къуэлэз. Президентым и кандидату къэгъэльэгъуа Медведев Дмитрий кьыщыпсэльащ Льэпкъ проектэмкІэ Советым и зэІущІэм.

Абы кьыхигъэщьхэхуІащ узынщагъэр хьумэным, егъэджэныгъэм, псэупІэ хуэныгъэм, мэкъумэщ хозяйствэм и Іэнатіэхэр егъэфІэкІуэным къэралым 2008 гъэми гульытэщхэр зэрыхуищІынур. Медведевым и псальэхэр щыхьэт тохьуэ зэман гуэнэгъуэм къэралыр зытет политикэ гуэгуэм зэрызымыхьэжьынум.

Абы къыхигъэщьхэхуІащ зыужьыным и щІэныгъэ, егъэджэныгъэм, псэупІэ хуэныгъэм, мэкъумэщ хозяйствэм и Іэнатіэхэр егъэфІэкІуэным къэралым 2008 гъэми гульытэщхэр зэрыхуищІынур. Медведевым и псальэхэр щыхьэт тохьуэ зэман гуэнэгъуэм къэралыр зытет политикэ гуэгуэм зэрызымыхьэжьынум.

Яп зэхуэс

АДЫГЕЙ. *Республикэм и къэрал Совет-Хасэм и деж щыІэ щІалэгъуалэ парламентым и яп зэхуэс екІуэкІащ. Ар къыхэзыгъэщІэ щыгъэр дыгъэрыт илъэсым и къэмахуэм.*

ИДЖЫРЕЙ сессием щыхэпльащ «Студентым и статусым и Іуэхукі» законым и проектым. ЩІалэгъуалэ парламентым къыхэрилытэмкІэ, мыхьэнэшхуэ иІэщ студентхэр еджэн щхьэхІэ мылькуКІэ защІэзэкъуэным, нужькІэ дэжьыгъэ Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыным тещІыхьа Іуэхугъуэхэр кьыщыгъэлъэгъуа хабзэ щыІным. Зыхэпльа проектыр зэхэзыгъэувари езы щІалэгъуалэрщ.

Ар гъащІэм щыпхагъэкІыну гугъэ уегъэщІ а законым УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм гульытэ кьызэрыхуащІам. «Закон зэхэгъуэвэным ехьэлІа си жэрдэм» федерал зэпеуэм «Студентым и статусым и Іуэхукі» законым и проектым ещанэ увыпІэр кьыщихьауэ щытащ.

Гъунапкъхъумэхэм я кьалэ щыкІу

ЧЕРКЕССК. *Урысей ФСБ-м и гъунапкъэ управленэу КъШР-м щыІэм хохьэ погранзаставэу 8. Абыхэм ящыщу зыр - «Перевалкэ» - Краснодар краймщыІэщ. Иужьрейр - «Архыз» заставэр - иджыблагъэ къыхэІуахащ.*

УФ-м и ФСБ-м и гъунапкъэ управленэу Ипщэ федерал щыналъэм щыІэм и унафэщІ Лисинский Николай гъунапкъхъумэхэм я Іуэхущапіэ къызэрызэІуахам теухуауэ и унафэм щІэтхэм ехьэухьащ, и чэзум зэратам папщІэ ухуакІуэхэм фІыщІэ яхущІащ.

Республикэм и унафэщІхэм, районхэм я Іэтащхьэхэм, спонсорхэм кьабгъэдэкІыу гъунапкъхъумэхэм ираташ телевизорхэр, щІыналъэхэр, суэтэхэр, спутник антенэхэр.

«Архыз» заставэр иджырей ухуэныгъэ зэпэщІ, гъэтІылъыпІэ пэщхэр, щэщхэр, щэщхэр иІэщ. Абы екъуэмэ Урысеймрэ Курджымрэ я къэрал гъунапкъэм щыщ Іыхьэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

И ныбжьэгъу игъэгушхуэн мурадкІэ

Украинэм и президент Ющенко Виктор Тбилисэ кІуащ.

Псом яп ар екІуэлІащ Саакашвили Михаил и хэкаІуэ штабым. Ющенкэр Саакашвилирэ Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм тепсэльыхьащ. ИужькІэ Украинэм и Іэтащхьэр Іущ Іащ Куржым и президентым и кьалэнэр зыгъэзащІэ Бурджанадзе Нино.

Псори арэзы техьуэу

Ярослав областым и губернатору хахащ Вахруков Сергей.

Абы и телъхьэу къуэращ щыналъэм и Хабзэгъуэ зэхуэсым и депутат 44-р - зэІущІэм кърихьэлІа псори.

Абыхэм фІыуэ яцІыху Іэ зыхуаІэтар - Вахруков Сергей илъэс зыбжанэкІэ щІыпІэ парламентым и унафэщІу лъжьащ.

ГъэщІакІуэ

Красноярск щагъжащ куэдрэ узримыхьэлІэ щІэнхьаджагъэ.

Налшык кьалэ и Къэрад концерт гъэлъэгъуапІэм зэІущІэ гуапэ щекІуэкІащ. Абы щагъэлъэпІащ кьалэм и егъэджакІуэ нэхъыфІхэр. Пшыхьыр къызэригъэпэщащ Дунейпсо Артийскэ Комитетым Кавказ Ищхьэрэм щиІэ Іуэхущапіэм и унафэщІ Бейтыгъуэн Іуэус.

ЗыПэРЫТ Іэнатіэм екъулІэныгъэ щызыІэрызыгъэхьа, зэфІэкІ лъагэхэр кьэзыгъэльэгъуа егъэджакІуэхэм а пщыхьэщхьэм иратащ Дунейпсо Артийскэ Комитетым и дыщэ медалхэмрэ Щыхь тхьылъэмрэ.

- Нобэ мы пшыхьым кърихьэлІахэр дэтхэнэ зыми и гъащІэм мыхьэнэшхуэ щызыгъэзащІэ щыхуэхэрщ, ахэр къэралым, республикэм и щІэблэр зыгъэсэхэрщ, езыгъаджэхэрщ, - жиІащ **Бейтыгъуэн Іуэус.**

- Дэ дгъэльэпІэнущ республикэм и щІэныгъэ Іуэхум хэльхьэныгъэ ин хуэзыщІ, щІалэгъуалэм псэжупсэ кьуелэягъ ябгъэдэльхьэныжмкІэ кьалэныщхуэ зи пщэ кьыдэхуэ егъэджакІуэхэр. Мы Іуэху дахэр кьыддаІыгъащ КъБР-м Егъэджакіуи гъэсакіуи зэрамыІэр, ахэр дэтхэнэ зыри псэемыблэжу я Іэнатіэм зэрыпэрытыр. Мэлбахьэуэм жиІащ дэпкІэ нэхъ щІэх-щІэхьырэ апхуэдэ зэІущІэхэр къызэрагъэпэщырэ дэтхэнэ зыми хуэфащэ гульытэ зэрыхуащІынур.

Дунейпсо Артийскэ Комитетым и Щыхь тхьылъымрэ дыщэ медалымрэ а махуэм ираташ Мэлбахьэу Тимур, Емыщ Людмилэ (курыт школ №17), Сэбан Асльанбий (гимназие №15), Соттаевэ Лидэ (курыт школ №20), Лобжанидзе Гия (курыт школ №31), Бекъан Масирэт (курыт школ №11), Сокъур Ларисэ (курыт школ №25), Кайгермазовэ Людмилэ (курыт школ №27), Мэшыкъуэ ФатІимэ (сабий гъэсапІэ №25), Геляев Борис (ДОСЦІ №5), Анимыкъуэ ФатІимэ (лицей № 2), Къаскъул Тамарэ (НШДС №50) сымэ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм и артист щэрыуэхэу Ташло Алий, Шэрджэс Іэсинэ, Даур Иринэ, Атмурзаевэ Жанпэ, Нежинэ Маринэ, Дым Елдар, Мэз Джульеттэ сымэ, «Экстрим», «Экспрессио» сабий къэфакІуэ ансамблхэм.

щхьэщэмышІ Изэ.

● ЗыгъэпсэхупІэхэр

«Иткол» хьэзырщ

Мы гъэм Іуащхьэмахуэ льапэ пасэу уэс къышесати, бгы льапэ спортым дихьэхэхэм я зэманым щІидзащ.

«ИТКОЛ» пансионатыр къызыхуэт щымыІэу дгъэхьэзыраш. Ди деж зыщызыгъэпсэхуну гукъыдэж зиІэ псори кьедгъэблэгъэну дыхуэхьэзырщ, - жеІэ пансионатым и инструктор нэхъыщхьэ Блесс Михаил.

Пансионатыр зэи цыхуншэ хъурхъым, мы гъэмахуэм мыбы сабий 750-м зыщагъэпсэхуащ, Дунейпсо зэхьэзэхуэхэм хэтын и пэ кьихуэу, мыбы зыщагъэпсэху Урысейм и спортсмен куэдми. ФокІадэ мазэм «Мосфильмым» и артистхэр щыІащ. Абыхэм Іуащхьэмахуэ льапэ щытрахащ Айтматов Чингиз «Когда падают горы» зыфІащ тхыгъэм кьытращІыкІа фильмым и зы теплъэгъуэ.

Щымахуэ зыгъэпсэхуГъэ, хэм «Иткол» зэпэубыда мэхъу. Лыжэкіэ кьыщажьых гъэУгъэр здэщыІэ Чегетрэ Азаурэ «Иткол» пыІудзауэ щытщ, ауэ абы гугъуехь хэлъкъым, автобусым ешэ икІи кьешэжри.

Ди деж зыщызыгъэпсэхуГъэ зэи хущІегъуэжьрыкым, уеблэмэ кьыщытрагъэзэж щыІэщ, ауэ гъэм и дэтхэнэ зэманми зэпымыууэ туристхэр кьыдэІуу щытамэ арат, хамэ кьэрал бгы лыжэ курортхэм хуэдэу. Дыщогугъ апхуэдэу зэгуэр дыхьуну - жеІэ инструктор нэхъыщхьэм.

ТОХЬУТЭМЫЩІ Ланэ.

Школхэм ящыщ зым и класс гуэрым щыхьащ милиуэ фащэ зыщыгъ щІалэ. Абы еджакІуэхэм яхунгъэуващ жыпІ телефонхэр кьарифъэлъагъуну, ахэр кьадыгъуарэ кьамыдигъуарэ кьыщыгъэй папщІэ. ИужькІэ щэкІыжащ, нэхъ телефон лъакІэхэу 3 ирихьэжьэри. БзаджащІэр мыгувэу яубыдащ. Милиуэ фащэр абы и адэ кьуэшым кьыІихат.

(ИТАР-ТАСС).

◆Илъэси 10 и пжІэ (1997) Москва кьыщызэрагъэпэщащ щыпІэ щхьэхуэхэм щекІуэкІа Іуэхэм хэтахэм я «Зауэм къуэш щызэрыщІа» Урысейпсо жылагъуэ зэгуэхьэныгъэр.

◆ИлъэсИ 5 и пжІэ (2002) Къэбэрдей-Балъкъэрым лажьэу щагуГыпащащ Аушыдзэр ГЭС-р. Ар Шэрэдж къыщІэкІыжащ, ауэ щІэблэм я щІэныгъэ щызыгъэсащ.

◆Ипщэ, Ипщэ - КъуэкІыпІэ Азием щахуощІыгъуэ 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м къэхъуа насыпыншагъэм зэкІуэдахэм. Жьым ирихужьа псыдзэр нэхъ кІырауштхуэкІэ жьэхуащІ Индонезием, Шри-Ланкэм, Индием, Мальдив хьтІыгъуэм. Къэрал 13-м я ІыхьэхуэмкІэ щІэ 230-м щІигъу хэкІуэдащ. А къэралхэм я экономикэхэм хэщІыныгъэу доллар меларди 10,7-рэ яГъуэтащ.

◆ 1825 гъэм декабристхэм зыкъыщаІэтащ Сенат утым.

◆ 1991 гъэм СССР-р щымыгъэ Іэжьным теухуа декларацэ кьащтащ.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-р дакьикъ 42-м, къуэхьынущ сыхьэт 16-рэ дакьикъ 34-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъащ сыхьэти 8-рэ дакьикъ 52-рэ.

ПІалъэр зыхьэхуэхыр **ШАЛМухьэмэд.**

● ЩІэныгъэ

ЩІэблэр дахагъэм щІапІыкІ

АРУАН куейм и библиотекэ нэхъыщхьэм щекІуэкІащ тхылъ еджэныр дихьэхуэм я фестиваль.

«Сэ седжэну фІыуэ сольагъу» фІащауэ екІуэкІа зэІущІэм хэтащ районым и школхэм я класс нэхъыщхьэхэм щеджэжэр. Фестивалыр егъэкІуэкІыныжмкІэ жэрдэмыр къыхэзыльхьа еджэныгъэмкІэ куей управленэм и лэжьакІуэ Хьащ Іалі Зое псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ къыргъэблагъэхэм. Ар тепсэльыхьащ ди гъащІэм тхылъхэм щыгубыд увыпІэмрэ щІыхьи и гупсысэм зегъэужьыныжмкІэ абыхэм яІэ мыхьэнэмрэ. Зэхуэсым кърихьэлІахэм я пащхьэ щагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ я Іэдакъэ къыщІэкІа тхылъхэр. ИужькІэ Аруан куейм и жылагъуэхэм къикІа ныбжьыщІэхэм зэригъэзауащ литературнэ-музыкэ теплъэгъуэхэр, фІыуэ яльагъу усакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэм кьеджащ. Псом хуэмыдэу гуапэ пщыхьурт нэхъыжь классхэм щеджэ щІыкІуэхэм усэ зытх, усыгъэм дихьэх хуэдэ зэрахэтыр. «Эдельвейс» литературнэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ усакІуэ Клочинов Александр тепсэлъыхьащ щІыхьи и зэфІэкІым хэхъуэ зэпыту щекІуэкІ лъэхъэнэм тхылъеджэхэм я бжыгъэм хэщІыкІэ щынагъуэ щыІэу зэрыжаІэм. «ЩІыхь гупсысэм зэригъэзауащ литературнэ-музыкэ теплъэгъуэхэр, фІыуэ яльагъу усакІуэхэм я Іэдакъэ щІэныгъэм», - жиІащ абы.

Фестивалым хэтащ Аруан районым адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ джынымкІэ и методическэ зэгухьэныгъэхэм хэт егъэджакІуэ пашэхэр, кьалэ, кьуажэ библиотекэхэм я лэжьакІуэхэр. Кьыдэкіуэтей щІэблэр дахагъэм, фІым хуэунэтІыным, хуэущиныным теухуауэ екІуэкІа фестивалым щытекІуэхэм я щІэ ираІуащ щытхъу тхылъэхмкІэ.

ЖАНХЪУЭТЭузэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2008 гъэм и яп илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр дыгъэгъазэм и 28-м зэриухыр. Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 342-рэ кІэлІейкІэ 84-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытетдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщІэхэм я жэуапхэр

Общежитыр зэІуэпэщ ящІ

«Илъэс 30 хъуауэ сэ общежитхэм сыщопсэу. Дэрбзэр объединенэм сыщыщылажьэм фэтэр зратыну пэплъэхэм я чэзум етІуанэу сыщытащ. Совет Союзыр лъэпсэжа нэужь, чэзури къутэжащ. Мыдрейуэ фэтэр къызатынымкІэ гугъапІэри жьым ижьыжащ. СынольэІу си лэжьыгъэ ставжыр къальэтэу си псэупІэр схурагъэбІэкІуэным Іэмал къыхуалъхьэуэну унафэ яхуэпщІыну».

Атэлыкъ Ж., *Налшык къалэ.*

Жэуап ирет Налшык къалэм и администрацэм и Іэтащхьэ **Хьэмэтхуэкъу Леонид:**

«ОБЩЕЖИТ» республикэ программэ хэхам ипкъ иткІэ Налшык щыІэ общежитыр псори зэІуэзэпэщ ящІыну икІи псэупІэ унэхэм хагъэхьэну я мурадщ. Къалэм и общежитхэм цІыхухэр зэрыщІагъэІэпэхуькІыным и график зэхалъхьащ.

Къэбгъэльагъуэмэ, Мусэм и цІэр зезыхьэ уэрамым тет общежит унэ 18-нэм щыпсэухэр 2004 гъэм ягъэІэпэхьащ. Абыхэм къакІэлъыкІуэр Къаймыкьым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет общежит унэ №241-м щыпсэухэрати, унагъуэ 33-рэ Профсоюз уэрамым щахуэхэ, фэтэр 220-рэ хъу псэупІэ унэ №224-м, Мусэм и цІэр зезыхьэ уэрамым щызэрагъэпэщыж общежит унэ №18-м ягъэІэпэхьащ.

Атэлыкъыр щыпсэу общежитри республикэ программэ «Общежитыр» жьауцІэм хагъэхьащ. Унагъуэхэр, абыхэм ящыщу къэтхъэусыха цІыхубзым и унагъуэри, общежитхэм щІэгъэІэпэхьыкІыныр екІуэкІынущ ищхьэмкІэ къыщыгъэлъэгъуэ программэр гъэзэщІэ зэрыхъум ельытауэ.

Мылъкум техуэ налогыр зыхуэдизыр

«Прохладнэ районым хыхьэ Прималкэ станицэм мылъкум щыгъалъхьэ налогыр щхьэ нэхъыбэ КЪБР-м и къалащхьэм щытралъхьэм нэхъри? Къапщтэмэ, сом мин 500-м налогыу Налшык щыхуэзэр процент 0,3-щ. Прималкэм - процент 2-щ. АхъшэкІэ къапщтэмэ, а процентхэм Налшык сом 1500-рэ щеубыд. Прималкэ станицэм - мин 10».

Авакаян Л., *Прималкэ станицэ*

Жэуап ирет КЪБР-м мылъкур техуэ налогхэм я ІуэхукІэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ псэуалъэхэм, псэупІэ унэхэм тралъхьэ налогыр зыхуэдизыр щІыпІэ самоуправлЕнэм и лыкІуэ органхэм ягъэув, инвентаризацэ уасэр псори зэхэлъхьэжауэ зэрыхъым ельытауэ. ЩІыпІэ самоуправлЕнэм и лыкІуэ органхэм ягъэува бжыгъэхэм къриубыдау налогыр зыхуэдизым хуейр зэщхьэщыхауэ ягъэбелджылыныкІэ хъунущ инвентаризацэ уасэ зэхалъхьэжар зэрыхъым, къызэрагъэсэбэп лІэужьыгъуэм, нэгъуэщІ пщалъэхэм ельытауэ. Апхуэдэм дежи сом мин 500-м щІигъу зи уасэ мылъкум техуэ налогыр процент 0,3-м къыщыІэдзауэ процент 2-м нос.

Прохладнэ районым хыхьэ, щыпІэ самоуправлЕнэм и Прималкэ Советым ищхьэмкІэ къыщыгъэлъэгъуэ Федеральнэ законым ипкъ иткІэ мы гъэм щэкІуэгъуэм и 7-м къищта унафэмкІэ игъэуващ цІыхухэм я мылъкум техуэ налогыр зыхуэдизын хуейр. Инвентаризацэ уасэр сом мин 500-м щІигъуэ, абы техуэ налогым ахъшэ бжыгъэм и процент 2 хуоз. Ар зэрылажьэ федеральнэ законодательствэм и пщалъэхэм йозэгъ.

ЩІыпІэ самоуправлЕнэм и лыкІуэ органым игъэбелджыла хабзэм къызэпиудыркъым Урысей Федерацэм и Конституцэм и 19-нэ статьяр, цІыхухэр зэхуагъащэу щытын зэрыхуейр.

Урысей Федерацэм и Конституцэм и 132-нэ статьям ипкъ иткІэ щыпІэ самоуправлЕнэм и органхэм хуитныгъэ яІэщ щыпІэ налогхэмрэ нагъуэщІу къыхаххэмрэ ящыІэ зыгъуэ щыпІэ самоуправлЕнэм и лыкІуэ органхэм я мылъкум техуэ налогыр а налогыр зытехуэ псэуалъэр зыдэщыІэ щыпІэм и бюджетым ягъакІуэ), апхуэдэуи щыпІэ мыхьэнэ зиІэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми унафэ тращІыхьыну.

(КІэухмр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Зи Іэщ Іагъэм хуэІэкІуэльакІуэ лжьакІуэхэр къыдэмэщІэкІ зэрыхъурэ ди деж иджы япэу щыІэхалъхьащ апхуэдэ программэ хэха. ЛжьакІуэхэр я Іэщ Іагъэм щІэрыщІэу хуэгъэхьэзырыжыным ехьэІа программэ гъэзэщІныр зи чэзу кьалэну зэрыщытыр кьыщыгъэлъэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым дызэрыт илъэсым Парламентым Зэрызэхуигъэзам. Программэр зи чэзу Іуэхугъуэу зэрыщытым апхуэдэуи щыхьэт тохъуэ экономикэм, лэжьыгъэм кьигъэув кьалэнхэм зэрыпэлъэщым щІэныгъэ зэрамыІэм кьыхэкІыу ІэнатІэхэр зезыхь уэрафэщІхэр зэманым кьызэрыкІэрыхуэм. Апхуэдэ щытыкІэр куэдкІэ кьыхокІ Іэщ Іагъэлъэхэр егъэджэныр, абыхэм я эфІэкІым хэгъэхъуэныр мылъкушхуэ зытекІуадэ Іуэхуу зэрыщІэтым. Си гуръэщ къэрал Іуэху зехьэкІэр егъэфІэкІуэным, Іэщ Іагъэфі зиІэ лжьакІуэхэмкІэ зыкъызэгъэпэщыным и Іуэхум «КЪБР-м и экономикэм щхьэкІэ 2007 - 2011 гъэхэм кадрхэр гъэхьэзырыныжкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и программэр» хэлъхьэныгъэщхуэу хуэхъуну. Къэзгъэлъэгъэну сыхуейт кадрхэр гъэхьэзырным пыщІа Іуэхугъуэхэм текІуэдэну ахъшэр зэрыдалажь законодательствэм ипкъ иткІэ федеральнэ, республикэ бюджетхэм, бюджетым хэмыхьэ мылъкум, нэгъуэщІхэм къызэрыхъкІыныр.

- ЯщІа мурадым тету кІуатэмэ, зэман куэд дэмыкІыу республикэм ирикъуу иІэну къыщІэкІынщ зи Іэщ Іагъэм фІыуэ хэзыщыкІ лжьакІуэхэр...

- Щэч хэмылъу, Президентым и программэм и мурад нэхъыщхьэр зи Іэщ Іагъэм сыт и лъэныкъуэкІи хуэІэкІуэльакІуэ лжьакІуэхэм я Іэщ Іэблэ ди республикэм и экономикэм щхьэкІэ гъэхьэзырынрыщ, хьэрычэтыщ Іэхэм я щІэныгъэм хэгъэхьэныгъэ, щ Іалэгъуалэр бизнесым къыхэщІэныгъэ. Программэм кьегъэув зи гугъу пщІа тхыгъэу кьыхэзгъэзэпэщыным.

Потребкооперативэм ирата ахъшэр хальхьэнущ иджырей лы, консерв комбинат мыинэр хууэным, нэгъуэщІ Іэнатіэхэр кьызэІухыным. Урысейм и дэнэ щІыпІи ху эдэу, ильэс дызыкІуэм Къэбэрдей-Балъкъэрми щыыщадзэнущ мэкъумэщ потребительскэ, кредит кооперативэм зеГъэубгъуным, я эфІэкІым хэгъэхъуэным. А къалэнхэр щыгъэбелджылад мэкъумэщ хозяйствэм зегъэужьыным текуауэ я кІэхьэ-ьэзыра къэрал программэщІэм. Абы дызыхъуэкІуэ щІышылэ мазэм лэжьэн щІидзэнущ.

ХЬЭЩІЫКІУЕЙ Олег.

Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зы

- Программэм кьыщыгъэлъэгъауэ зэпеуэкІэ кьыхэхьным зэрыщІадзэмкІэ икІи ар зэрекІуэкІныр, щыкІэмкІэ хъыбар щІыхубэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм ятын хуейуэ. Абы нужьІэ дэтхэнэ гупым щыщми документхэр ет. Мыдрейуэ гъэзэщІакІуэ властым и органхэм я лжьакІуэхэр, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр хэту кьызэрагъэпэща комиссэм кьыхех зи Іэщ Іагъэмкі нэхъыфІу, нэхъ зыхуэфащэу кьилытахэр.

КьыхэзгъэбелджылыкІыну сыхуейт Программэр зыгъэзащІэхэм я лэжьыгъэр КЪБР-м и Президентым и Администрацэмрэ КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ, сатумкІэ и министерствэмрэ зэрауэнэтІыр, мыдрейуэ Іэщ Іагъэфі зиІэ лэжьакІуэхэр гъэхъэзыра зэрыхъум КЪБР-м и Президентыр есым и щхьэкІэ зэрыкІэлъыплъынур.

- Гу зэрыльытэстамкІэ, Президент программэм хэтыщхэр щІэныгъэфІ зыбгъэдэль, лжьныгъэкІэ зефІэкІ къэзыгъэльэгъуэ щыхухэщ, нэгъуэщІу жьы-щІэмэ Программэм ипкъ иткІэ «студент» хъунхэр адрейхэм зыгуэркІэ кьащхьэщокІ. ЩрагъаджэкІэ ар кьалытыну пІэр?

- Дауи, кьалытэнущ. Япэраущ, ирагъаджэхэм Іэмал иратынущ а Іуэхухэм жьыдэжру хэтыну, лжьныгъэр лекІэхэмебэкІыу, ирагъаджэ дэтхэнэми я эфІэкІэхэр кьалытэту щытынущ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейт еджэныр я лэжьапІэ Іэнатіэр кьаГанэуи кьамыгъаныуи зэрыгъэлъэкІуэкІынур икІи ар кьэрал аттестацэкІэ зэриухынур, Программэм ехьэлІэныгъэкІэ пэльэщ-хэм я гъэхьэзырныныкІэ Президент программэр зыгъэзэщІэнухэр законым ихъэуа хабзэм тету, эпчэуэр и лъабжьэу ильэс къэс кьызэрыхахынур. Ахэр международнэ, урысей, республикэ еджапІэ нэхъыщхьэ пажэхэм, дэжьыгъэм хуэІэкІуэльакІуэ консалтинг, нэгъуэщІ компаниехэу щытынущ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхуцщ Іанэ.

Іэмэпсымэщ Іэхэмкі Іэ къызэрагъэпэщ

● Гуапагъэ

УФ-м Социальнэ страховэмкІэ и фондым и щІыналъэ кьудамэм фІыуэ зэхэзымыц ЦІыхухэр иджы япэу кьызэригъэпэщащ кьагъэльагъуэм зи гугъу пщІащ тхыгъэу кьызэрагъэзэщІ телевизорхэмкІэ. Ветеран, ныкьуэдыкьуэ псоми (абы хуэныкьуэхэм) иратащ давленэрэ кьызэрапщІэмэпсымэхэмрэ жэуапхэм псалъэкІэ уэхэзыгъэзэгъуэ термометрхэмрэ. Сымаджэ хьэлъэхэм хуэхахащ Іэпкъгъэпкъыр зи гъэтынщ щхьэнтэхэмрэ уэнщэкуэмрэ. Ныкьуэдыкьуэ щхьэхуэхэм ираташ макъкІэ псалъэу кьыдагъэкІ тхылъхэм кьызэреджэну жып телефонэмрэ плеерхэмрэ.

Фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм и унафэщІым и къуэдзэ Бэрокъуэ Захьмэд зэрыжІамкІэ, а Іуэхухэм сом мелуани 2-м щІигъу трагъэжІуэдащ икІи, Урысей Федерацэм и Правительствэм зэригъэувам тету, пащэ республикэм щыпсэу ныкьуэдыкьуэхэмрэ ветеранхэмрэ апхуэдэ ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэрэпэщыным теухуа лэжьыгъэм. Кьыхэзгъэщыпхьэщ нужьрей зэманым ЩІыпІэсыса е Іэмэпсымэщ Іэхэр дэтхэнэми щІэнщэу зэрыратыр.

Гулыпэ хэха хуащІ Хэку заущхуэм зи узынщагъэр хэзылъхьахэм, ветеранхэм, сабий ныкьуэдыкьуэхэм.

УЛЬЯНОВЭ Татьянэ.

Кульбаев Мухьэжыр, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь Пащты Салимэ, Мэлбахъуэ Тимборэ, Гундэлэн колхозым и унафэщІ Мусукаевэ Шамса сымэ. *1975 гъэ.*

Кульбаев Мухьэжыр и гъуэгухэр

● Фэеплъ

2008 гъэм щыщыІэм и 1-м илъэс 90 ирокъу къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэу щыта. Хэку заузыхуэм жьыдэжру хэта Кульбаев МухьэжырАхъмэт и къуэр къызэралъхуэрэ. Ар ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыху пэрыту щытахэм, республикэм и экономикэ, социальнэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІахэм.

КУЛЬБАЕВ Мухьэжыр щыщалъхуащ Къэщкъэтау къуажэм, къыщыхъуащ мэкъумэщыщІэ унагъуэм. Пасэ дыдэу зыхищІащ гъэвэр гъкІыным, Іэщыр зехуэным пыщІа гугъуехьыр, зыхилъхьащ къызыхэхъукІа лЭпкъитІым (и анэр адыгэт, Жылокьуэхэ япхъут) жкъ-жьжьж льандэрэ къадекІуэкІ хабзэхэр.

1930 гъэм, зыщалъхуа къуажэм дэт пащІодзэ школыр кьуэхуэр, Налшык ягъакІуэ, абы щыІэ Ленин еджапІэ кьалэ щыкІуэм щІагъэтІысхьэ. Ар щІэныгъэ ди ІэпкІэ ІэнатІэм ягъэувыж, Зы ильэс нэхъ дэмыкІыІу Псыгуэнсу щыІэ курыт еджапІэр кьыІэщІалъхьэ. ЗэфІэкІ хъарзынэ зэриІэр наІуэ кьоХъури, и нЫбжьыр ильэс 25 фІэкІа мыхъуами, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и ЕгъэджэныгъэмкІэ и экономикэмрэ и унафэщІым и кьуэдзэу ягъэуэ. Ар, дауи, дзыхьышхуэт.

Мухьэжыр гурэ псэкІэ ящІэу гугъу еГъэджэныгъэм пыщІа Іуэхухэр ди щІыналъэм щеГъэфІэкІуэным. Жэрдэм щхьэпэхэр кьыхелъхьэ, гъэсакІуэ, уэзщІакІуэ Іэкіуэльакіуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи ядоІэпыкъу, щІэблэм щІэныгъэфІ зэригъэуэну хэкІыпІэхэр еубзыху. Ауэ и мурадхэр зригъэзыхуІэныр хуэзэфІэкІыркъым - Хэку заузыхуэр кьохъей.

Республикэм и бын нэхъыфІхэм я гъусэу, Дзэ Плъыжьым хохьэ. Етхуанэ армэм и 697-нэ артиллерие полкым, бийм и танкхэр зэхэкъутэныр зи кьалэным, и комиссару ягъэув. Зэхэуэ гуащІэхэм хэтщ, ди сэлэтхэр игъэгушхуэу, хахуагъэм и щапхъэфІхэр кьигъэлъагъуэу.

ЗэуапІэ ІэнатІэм мызэмытІэу лІыгъэ зэрыщыщэрихьар кьалЫтэри, Кульбаевым кьыхуагъэфэщащ кьэралым и дамыгъэ лъапІэхэр - орденхэмрэ медалхэмрэ. 1943 гъэм, уІэгъэ хьэлъэ мэхьури, дзэм кьыхагъэкІыж. Республикэм кьагъэзэжри, партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и аппаратым щылажьэу щІедзэ, кьаруушхуэ ирехьэлІэ зауэ емынэм зэхихьута цІыхубз хозяйствэр, еджапІэхэр, Іуэхущ ІапІэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэфІэгъэувэжыным.

1944 гъэм, КПСС-м и ЦК-м и парт еджапІэ нэхъыщхьэм кьыщІашри, и лЭпкъэгъу балъкъэрым я гъусэу, и лЭхэр ирагъэбгынэ, Азиэ Курытым ягъакІуэ. Кульбаевым игъэващ политикэ зэлъмыгъэр. Сыт хуэдэ зэхэгъэкІыныгъэ хьэлъэ зэхуэсыгъ, Кульбаевыр бэшэчщ, хьэлэлщ, гулыпэ жан зыхэлщ. Апхуэдэу зэрыщытыр, щІэныгъэ зэрыбгъэдэлъыр, парт Іуэхухэм фІыуэ зэрыхищІыкІыр кьалЫтэри, партым и Къыргызыз обкомым лжьапІэ кьыщрат. А ІэнатІэми и кьалэнхэр зэпэщу щрехьэкІ, фІыщІэрэ щытхъурэ кьыщІэщхь.

1956 гъэм балъкъэрхэр, политикэ залымыгъэр зыгъэуэнэху нэгъуэщІ щхьэхэми хуэдэу, хуит мэхъужри, щыщалъхуа щІыналъэм ЩхьэхъэІ. Парт, совет органхэм зэгуэрым щыпэжьажэр зыІута ІэнатІэхэм ягъэувыж, ауэ Кульбаевыр епІэщІэкІыпхьэ кьыхуагъэльэгъуа къуэлыкъу лЫагъэм пэрыувэну. Ар щІотІысхьэ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием экономикэмкІэ и институтым и аспирантурэм, пещэ зэгуэрым игъэхьэзырыну зыщІидзауэ щыта диссертацэр тхыным. Хьарзынэу а Іуэхуэр зэфІегъэкІри, экономикэ щІэныгъэхэм я кандидат хуэдэу ди республикэм къегъэзэж. Аращ балъкъэрхэм ящыщу япэ дыдэу экономикэмкІэ диссертацэ пхызыгъэкІар.

Налшык къыгъэзэжа нэужь, Мухьэжыр щолажьэ партым и обкомым, итІанэ КъБКЪУ-м (парткомым и секретару), нэхъ иужьыдыкІэ хах партым и обкомым идеологиемкІэ и секретарэу, мыгувэу абы Іэщ Іалъхьэ республикэм и агропромышленнэ комплексыр. А ІэнатІэм пэрытщ ильэс 18-кІэ, пенсэм кІуэхукІэ.

Кульбаевым и нЫбжьэгъуфІэ обкомым и апparатым щылажьэу щІедзэ, къаруушхуэ ирехьэлІэ зауэ емынэм зэхихьута цІыхубз хозяйствэр, еджапІэхэр, Іуэхущ ІапІэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэфІэгъэувэжыным.

Кульбаев Мухьэжыр пщІэрэ щхьэрэ зиІэ щІэныгъэлІр. Ар фІыуэ кьыщащІыхурт Кавказ Ищхьэрэмэ Совет Союзым и щІыналъэ куэдми. КъыщащІыхурт экономикэм теухуауэ и кьалэмыпэм кьыщІэкІ лэжьыгъэ купщІафІэхэмкІи. Ахэр зэман-зэманкІэ къытехуэрт къэралым кьыщыдэкІ газет, журнал нэхъыщхьэхэм. Мухьэжыр итхат мыхьэнэшхуэ зиІэ моногрофиеу щы, щІэныгъэ, публицистикэ статьяуэ щэм щІигъу. Игъэхьэзырат и доктор диссертацэри, ауэ ар пхигъэкІыным егугъуэакьым, а илъэсхэм къэралым ф Іыуэ кьыщыдалІыхуу щыта экономист Тихоновыр кьыщытхъуа пэтми.

Хэку заузыхуэм лІыгъэ щызезыхьа Мухьэжыр и гуащІэдэкІ ехьэлІэныгъэхэми кьапэкІуат «ГуащІэдзэным и Бэракъ Плъыжь» ордену щы, «ЩыхьыМ и дамыгъэ» орденыр, медаль зыбжанэ, ВДНХ-м и дыщэ, дыжьын медалу плы, щыхь диплом, нэгъуэщІ тыгъэ лъапІэхэри.

Кульбаевыр куэдрэ ящыщащ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым хэтхэм, тхуэнэфІэ абы кьыльагъэсащ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и депутатыгъэр. Ар унафэщІ гъуэзэджэт, кьызэгъэпэщакІуэфІт, щІэныгъэлІ зэчиифІт. Мухьэжыр кьэзэщІыхуэхэм пщІэ ин кьыхуащІырт гуапэу, захуагъэр нэсыр и гъуазэу, и хьэлщэнкІэ кьызэрыгуэкІ дыдэуи зэрыщытым кьыхэкІыу.

ЩапхъэфІт абы и щхьэгъусэ Мальсаговэ Радимэ ПщІымахуэ ипхъурэ. Ар и Іэщ Іагъэкіэ дохутырт. Зауэ зэманым щылэжьат госпиталым, сэлэт іуэгъэу куэд кьызэфІгъуэзожат. Ильэс 40-м щІигъуКІэ сабийхэм я узынщагъэр хъумэным кьаурыз зэфІэкІыу иІэр ирихьэлІащ. ЗэрыгуащІафІэр, зэрынэмысыфІэр ялъагъурти, куэдыр кьыщытхъурт. Уеблэмэ, Къыргъызым щыщыІами, Пщымахуэ ипхъу Радимэ кьыфІащат «ССР-м узынщагъэр хъумэнымкІэ и отличник» щІэ лъапІэр. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр бзылъхугъэ телъыджэм и бынхэм щІэныгъэ, Іэщ Іагъэ яригъэгъуэту унагъуэ зэпэщу игъэтІысыжыныр кьызэрехьуІарщ.

Мы зыри щыІдгъужынщ. Кульбаев Мухьэжыр ерыщу хущІэкъуащ зыщІалъхуа республикэр сыт и лъэныкъуэкІи зэрефІэкІуэным.

Апхуэдэхэр цІыхубэм щыгъупщэжыркъым.

ЕВТУШЕНКЭ Николай, ТАУ Пщыкъан, ЗУМАКАУЛОВ Борис.

Потребительскэ кооперативым зеужь

● Къуажэ гъащІэ

Фермер, унеи Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьыгъэр фейдэ кьату зэтеублэныжкІэ хэкІыпІэфІщ езыхэм я арэзынныгъэ хэльу зэгухьа гупхэм я потребительскэ кооперативхэр кьызэгъэпэщыныр. Мыбдежым нэхъыщхьэр хэхъуэжр льэныкъуэмІи зэхуэдэу яІэрыкІынущ.

АГРОПРОМЫШЛЕННЭ комплексым зеГъэужьыным теухуауэ республикэ программэм къ ужэ к е оопера цэм увыпІэ хэха щ е у быд. Абы и Іуэхур егупсысауэ я ауэнэтІэ, хьэрычэтыщ Іэ мыинэм и эфІэкІым хэхъэнущ, я продукцэр ящэнымкІэ щэсыпІэхэр яІэнущ, ІэнатІэщ Іэхэр кьызэуэкІынущ. Кьуэдзэ кооперацэм нэрылъагъуэ зыщІэужь Шэджэм, Тэрч, Бахъсэн, Псэлъыкъуэ районхэм, нэгъуэщІ щыпІэхэмми.

"Урысейм и мэкъумэщ банк" О АО-м и щІыналъэ кьудамэм щІэуэ кьызэрагъэпэща мэкъумэщ кооперативхэм кредиту яритащ сом мелуан 35-м щІигъ у. Ар жухахащ мэкъумэщэхІэхэр кьэщэхуным, абыхэм елэжьыным, жылапхъэфІхэр, минералэ щІэпщэрхэр, удэшхьэм зэребэн щхьэхьэр зэрэщэнщыным.

Потребкооперативэм ирата ахъшэр хальхьэнущ иджырей лы, консерв комбинат мыинэр хууэным, нэгъуэщІ Іэнатіэхэр кьызэІухыным. Урысейм и дэнэ щІыпІи ху эдэу, ильэс дызыкІуэм Къэбэрдей-Балъкъэрми щыыщадзэнущ мэкъумэщ потребительскэ, кредит кооперативхэм зеГъэубгъуным, я эфІэкІым хэгъэхъуэным. А къалэнхэр щыгъэбелджылад мэкъумэщ хозяйствэм зегъэужьыным теухуауэ я кІэхьэ-ьэзыра къэрал программэщІэм. Абы дызыхъуэкІуэ щІышылэ мазэм лэжьэн щІидзэнущ.

ХЬЭЩІЫКІУЕЙ Олег.



Къэрал концерт къэлъэгъуапІэм и утым щагъэувэ Уае Дадэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Эдинэ** *трихащ.*

● Къеблагъэ, Илъэсыщ Іэ!

МурадыфІхэр яІэщ

● Промышленность псынщІэ

ЗэхъуэкІыныгъэхэм я лъэхъэнэм кьыдэуэуа Іуэху зехьэкІэ мызурыІуэгъуэхэм щІидзэмтІысыкІа ІэнатІэхэм ящыщщ цІыхухэр куэд щылажьэу щыта Къэбэрдей-Балъкъэр производственнэ дэрбзэр зэгухьэныгъэр.

Абы ныдэдэр бзэкІэ зэманым зыбжанагъэ нужь итащ предприятэр ирагъэжьажьну, ау щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыхэжІыу ар яхуэзэфІэкІакьым. Іуэхур и пІэм щыкІар 2000 гъэм акционерэхэм Абазэ Хьэмэчраст унафэщІу хаха ноужьщ.

Илъэсым яІа лэжьыгъэр зыхуэдэм, дянэкІэ я мурадхэм тедгъэпсэльыхьыну дэ абы зыхуэдгъэзащ.

- Хьэмчраст, нобэрей зэманым удэбкъуэщу тыншкьым. Фи Іуэхур дауэ зэтеувэр, рынокым и хабзэхэм фапхъэщІ щхьэкІ сыт хуэдэ хэкІыпІэхэр кьэнгъэсбэнр?

- Ди предприятэр егъгъэжьэн папщІэ гугъуехь куэдхэр кьызэдинэкІын хуэяІ хуащІ. ДэнэкІэ зыдмыгъаІэмэ, льэпощхьэпохэм дальаухьэрт. Ди фабрикэмэ, Іэщ Іагъэлъэ Іэ зэхэми, кьыщІэдгъэкІхьми зыри хуэмеиж хуэдэт. Нобэ апхуэдэжкьым, хуэм-хуэмурэ дызэтоувэж. Иджырей зэманым ди республикэм кьыщцыхьу зэхъуэкІынныгъэ зэрызыщхэм фІэщІхуныгъэ кьытхалъхьэ, Іуэхум нэхьри дытригъэзгъэкІ. ІэнатІэм зегъэужьгъуэным, дгъэхъэзыр щыгъынхэм я фІагъымрэ я куэдагъымрэ хэгъэхъуэным догутэ.

- Фи дрбгъэрхэм я Іуэхущ Іафэм тету хуэдэу сыт кьыдекІынт, Хьэмчраст?

- "Къэббалькъщыгъын" ОАО-кІэ зэджэ ди предприятэм иджыпсту цехи 2 иІэщи, аэрэ щыхуи 140-м я зэлъажь. Мэкъуу щыІэ "Урсу" фирмэм и заказхэр дгъэзащІэу араши, ди кьалэнхэм мыЕйуэ дыпольэщ. Іуэхухэр жьдэжру ящІэ. Ауэ ящыІэ зэпэщакІуэ Іуэхухэр, цех унафэщІхэу Тэмазэ Женя, Хьэпэ Женя, мастерхэу ЛІуп Іэсият, Гъэныбэ Октябринэ, Гамаевэ Файрузэ, БыгІэ Маринэ сымэ.

ЩІагъэзІхэм хьэрзынэу дрикъурт, абыкІэ гукъеуэ щыІэтэкьым, ауэ нэхъыбэу дызыгъэпІейтейр Іэмэпсымэ тэмэкэр зэрыдимыІэжьырщ. Фабрикэр кьыщагъэувыІа лъэхъэнэм ахэр зэбграхащ, нобэ кьэдгъэсбэпыр абы ипэжкІэ дызэрылажьэу щытахэрщ. Ахэри щІэхщІэхьэрэ мэкъуэ, пкъыгъуэхэри хуабжьу гъуэтыгъуейщ. Арами, хэкІыпІэхэм дымыльыхьуэу щыткьым. Кьапщтэмэ, мылъкуфІ хуэхэри мы гъэм 2-нэ цехым щыдгъэуващ Китайм щащІа, зэуэ лэжьыгъэ зыбжанэ зыгъэзэщІэф «ZOLE» дэрбзэр машинэщІэу 38-рэ. Иджыри абыхэм кьаэтщхэуэнущ.

- КъащІэбгъэкІыр нхъэмыщэмэ, хэхъуэ уиІэкъым. Абы и лъэныкъуэкІэ фи кьалэным дауэ фехъуІэр?

- А Іуэхум мыхьэнэшхуэ идот. Нэгъабэ Тэн Іуфэ Іус Ростов кьалэм щыІэ дзэ частхэмрэ хабзэм и хьумакІуэхэмрэ дахуэдати, зэтщІылІауэ щыта зэгурыІуэныгъэр льэныкъуитІми дгъэзэщІащ. Рынокым и хабзэхэм уалелКІуэкІ ын щхьэкІэ, нэгъуэщІхэм кьыщІагъакІ продукцэм ууейр фІагъакІ пэхъун хуэщІ. Щэкіэр кьыдэзытри, хьэзыр хъуа щыгъынхэр кьанэ щымыІэу зыщэхужри "Урсу" фирмэрщ. Мы ильэсым а Іуэхущ Іапі эм хуэдгъэхьэзыращ щыгъын зэмылІуэужьыгъуэ сом мелуани 10-м щІигъу и уасэ. ЕтІанэгъи абы дыхуэдэнущ.

- Фи цІыхухэм я гукъыдэжыр сыт хуэдэ, Хьэмчраст, мазэм дапщэ кьыфхуеГуэдэжр?

- 2007 гъэр ящІащтэмэ, удахуэм процент 36,2-кІэ хэдгъэхьауэ. Нобэ ди деж ику иту мазэм сом 6300-рэ кьыщалэжь, мин 12,- 13-м нэс къэзыхьэри мащІэкІ. ПсэупІэ зэмылІэужь ди общежитым щІэнщэу щІэдгъэсщ, иджыри цІыху 40 щІэдгъэтІысхьэфыну Іэмал диІэщ. Махуэ ЛъапІэхэм деж ди цІыхубзхэм сомкІэ гу ІэрагъэІ, хьэмпышкІэ, нэгъуэщІ саугъэтхэмкІэ догъэгушхуэх.

- Фи мурадхэм теухуауэ сыт кьыдекІынт?

- Республикэм и унафэщІхэр ди Іуэхущ Іафэмрэ ди мурадхэмрэ щыгъуазэщ. ДызыхуэкІуэ ильэсым дэ дыхуэІэкъуэпущ ІэнатІэм зегъэужьыным, щыху нэхъыбэ кьызэрытщтэнщи. Абы и льэныкъуэкІэ гъэнэ хьарзынэ итлъагъ кьызолъэ. Мы гъэм хуэдэу щэщІауэ, зэпэзэрыту дяпэкІи едгъэкІуэкІынущ. Мурадхэм дазэрылъэІэсынум щэч кьытесхьэрыкьым.

- Фи пэжыкъым дызыгъбгъэхъуэзам пащІэ фІыщІэ пхузощІ, Хьэмчраст.

Дэ зэманым Іуэху здедгъэхьырщ къэдгъэщІэнур зэлъытар

Абы и тхыгъэхэр гукъинэ ящохъу

Дыгъэгъаэзэм и 25-м илъэс 70 ирикъуащ усакІуэ КІэщт Мухьэз къыІэралъхуэр.

Мухьэз и къалэмІпэм къыщІэкІащ гупсысэ жанкІэ гъэнщІа усыгъэ купщІафІэ куэд, аэр щІыхум гукъинэ ящыхъуащ, иужьрей илъэс щэ нкІуэм и кІуэцІкІэ лъаганІэщІэхэм ебгъэрыкІуа ди поэзием и фІыпІэхэм хабжэ.

КІэщт Мухьэз Хьусин и кІуэр 1937 гъэм Къэрэгъэш къуажэм къыщалъхуащ, абы курыт адэжанІэр къыщиухащ. Дзэм илъэситІкІэ къулыкъу щищІа нэужь, ар Москва дэт литературэ институтым щеджащ, 1965 гъэм щыщІэдзауэ «Ленин гъуэгу» («Адыгэ псалъэ») газетым, 1971 - 1977 гъэхэм «Іуащхьэмахуэ» журналым, нужькІэ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм щыдзжащ.

Мухьэз и яп уэ тхылъыр («ЩІыр къызоджэ») 1965 гъэм къыдэкІащ. Абы къыкІэлыкІащ КІэщтым и усыгъэхэмрэ и рассказхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэ - «Лъагъуныгъэм и уасэр» (1973), «Усыгъэхэр» (1974), «Щылъэ пшынальэ» (1974), «Си лъахэ-си уэрэд» (1977), «Гуращэ» (1981), «Щым и ныбжь» (1984), «Анэм и тыгъэ» (1985), «Псэ кьабзэ» (1988), «Тхыдэм и гъыбзэ» (1991), «ПшэжІэпльэ» (1997), нэгъуэщІхэри. УрысыбзэкІэ зэ дзэкІуэр, Москва къыщыдэкІащ «Мелодии земли» (поэмэхэр, 1977), «Возраст земли» (усэхэр, 1984) тхылъхэр.

КІэщт Мухьэз 2002 гъэм дунейм ехыжащ.

Ди поэзием и фІыгъуэхэр зыгъэбэгъуауэ, лъэпкым и щэнхабзэм кууэ хэпщІа, лъэхъэнэмрэ щІэблэмрэ зэщІэзыІыгъэ гупсысэщхьэ куэдым хуэІэрыкъуэ, ди поэзием и щІыхьыр нэхьри Іэтыным екІуэ хуэлажьэ усакІуэхэм я цІэ къыщриІуэкІэ, ди критик щоджанэ Сокьур Мусэрбий абыхэм сыт щыгъуэ яхиІэувэу щытащ КІэщт Мухьэз. Ар зэрыгъэмымы и щыхьэщІ КІэщтым ди литературэм хэпщІа хьэлъхьэныгъэхэр.

МафІэм и нур

МухьэЗ и Іэдакъэ къыщІэкІащ повестхэр, рассказхэр, очеркхэр, поэмэхэр, усэхэр, публицистикэ тхыгъэхэр. Ахэр ягу Мухьэз Налшыкэр Москвакъэ къыщыдгъэкІащ тхылъыпщІым щІигу. Абыхэм яящыщ дэтхэнэми теухуа тхыгъэ гуапэхэр къытехуащ да газетхэмрэ «Іуащхьэмахуэ» журналымрэ.

Нобэрей зэман гуГъэм къыхэхуа, гъащІэм иридуІ, зэрыщІэуным зэпымыуэу игъэтупсысэ, игъэгузавэ щІыхум уи тхыгъэхэр кІищтэу къеджэн, ар дэІэпыкъуэгъу хуэхъун, игу иригъэхьын папщІэ, тхакІуэм, усакІуэм бгъэдэлъын хуейщ, Іэзагъэм къыдэкІуэу, щІэныгъэ куэм, Іуэху бгъэдыхьэкІэ гъэмпІ, апхуэдэу пІэн хуейщ фІым игъэгуфІэ, Іейм игъэгузавэ гу къабзи. А псори тыншу кІэхьуІэркъым. Ар фІыуэ къыгурыІуэрт Мухьэз.

Мухьэз сэ куэд щІауэ сцІыхурт, сыщыужикІэ сымыщыІну сухьжІэнуш абы усакІуэ Іэзагъэ хъарзынэ зэрыбгъэдэлъар, ар гъащІэм кууэ пхыпльыфу, лъэныкъуэ куэдкІэ гупсысэфу зэрыщытар. Ар хьэбольагъуэ КІэщтым и усыгъэхэм и прозэ тхыгъэхэм.

Мухьэз гупщІанэу хущІатащ и лъэпкым. Абы и гъащІэщ КІэщтым и тхыгъэхэм я нэхьыбэм я тегъэщІапІэр. Мухьэз ящхьэ захуигъаэзрт ди хьыбарыжьхъэм, ди тхыдэм, гъащІэр нэхъ щІыгу, тэмэму зыхищІэн папщІэ. Абы Іэзэгъ къинэльагъуэрт кІуэажэдэсхэм я гъащІэр, я гупсысэхэр, гурыщІэхэр, я псэукІэм игъэзт зэхъуэкІыныгъэхэр.

